**दिन–शनिवार** **दिनांक–04.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ युवा लोकनिक लेल बासठि हजार करोड़ टाका सँ बेसीक लागतिबला कतेको पहल सभक शुभारंभ कयलनि। ई युवा केन्द्रीत पहल देश मे शिक्षा, कौशल आ उद्यमिता के बढ़ावा देत। नव दिल्लीक विज्ञान भवन मे आयोजित कौशल दीक्षांत समारोह में प्रधानमंत्री औद्योगिक प्रशिक्षण संस्थान–आईटीआई कँ माध्यम सँ प्रधानमंत्री कौशल आ रोजगार परिवर्तन–पीएम–सेतुक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर, श्री मोदी बिहार सँ जुड़ल कतेको योजना सभक सेहो उद्‌घाटन कयलनि। श्री मोदी एनआईटी पटना के बिहटा मे बनल नव परिसरक उद्‌घाटन कयलनि। ओ संशोधित मुख्यमंत्री निश्चय स्वयं सहायता भत्ता योजनाक शुभारंभ कयलनि। एहि मे प्रति वर्ष लगभग पांच लाख स्नातक युवा सभकँ दू साल धरि एक हजार टाका मासिक भत्ता आ निःशुल्क कौशल प्रशिक्षण भेटत। संगहि, प्रधानमंत्री भारत रत्न जननायक कर्पूरी ठाकुर कौशल विश्वविद्यालया आ बिहार युवा आयोगक उद्‌घाटन कयलनि। श्री मोदी बिहारक सरकारी विद्यालय कँ नौवीं आ दसमी कक्षाक छात्र सभक मध्य चारि सय पचास करोड़ टाका छात्रवृतिक राशिक डीबीटी कँ माध्यमे अंतरण कयलनि।

एकर अतिरिक्त प्रधानमंत्री मुख्यमंत्री निश्चय स्वयं सहायता भत्ता योजनाक लाभुक सभक मध्य राशिक वितरण कयलनि। कार्यक्रम मे नव चयनित तीन हजार नओ सय बयालीस युवा सभक मध्य नियुक्ति पत्रक सेहो वितरण कयल गेल।

---

निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार के नेतृत्व मे आइ चुनाव आयोगक एक दल बिहार मे विधानसभा चुनावक तैयारी सभक लेल राजनैतिक दल सभक संग विचार–विमर्श कयलक। बैसक मे भारतीय जनता पार्टी, जदयू, राष्ट्रीय जनता दल, कांग्रेस, वामपंथी दल आ आन राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ स्वतंत्र आ निष्पक्ष चुनावक लेल अपन विचार आ सुझाव

रखलनि। बैसकक बाद प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे चुनाव अगिला मासक तीन या चारि तारीखक बाद कराओल जाए। एखन, निर्वाचन आयोगक दल प्रशासनिक आ पुलिस अधिकारी लोकनिक संग एक उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कऽ रहल अछि। एहि मे प्रशासन आ कानून व्यवस्था सँ संबंधित तैयारी सभक समीक्षा रहल अछि।

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ पटना मे मखाना महोत्सवक प्रारंभ कयलनि। मखानक संवर्धन, प्रसंस्करण आ किसान लोकनिक आय वृद्धिक लेल एहि महोत्सवक आयोजन कयल गेल अछि। महोत्सव के संबोधित करैत श्री चौहान कहलनि जे केन्द्र सरकार मखाना बोर्ड गठित करबाक अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। मखान अनुसंधान, प्रसंस्करण आ उत्पादनक लेल आधुनिक मशीन आ नव किस्म सभक विकास सभक लेल चारि सय पचहत्तरि करोड़ टाका स्वीकृत कयल गेल अछि। श्री चौहान युवा सभ सँ मखानक क्षेत्र मे स्टार्टअप आरंभ करबाक अपील कयलनि।

---

सुपौलक त्रिवेणीगंज रेलवे स्टेशन सँ पहिल बेर यात्री ट्रेनक संचालन भेल। स्थानीय सांसद दिलेश्वर कामैत पैसेंजर ट्रेन कँ हरियर झंडी देखाकऽ रवाना कयलनि। सुपौल–अररिया नव रेल लाइन परियोजनाक अंतर्गत सहरसा–अमहा–पिपरा पैसेंजर ट्रेन कँ एखन त्रिवेणीगंज धरि विस्तारित कयल गेल अछि।

---

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान भारी सँ बहुत भारी वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, मुजफ्फरपुर, सीवान, सारण, शिवहर, समस्तीपुर, औरंगाबाद, अरवल, जहानाबाद, दरभंगा आ मधुबनी सहित कतेको जिला मे अत्यंत भारी वर्षा भेल अछि। विभाग आइ पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सीवान आ गोपालगंज जिला मे अत्यंत भारी वर्षाक रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, सारण, भोजपुर, शिवहर, पटना, वैशाली आ समस्तीपुर जिला मे भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एकर अतिरिक्त सेहो राज्यक आन जिला सभ मे तेज वर्षाक

पूर्वानुमान अछि। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे सारण जिला मे अत्यधिक भारी वर्षाक कारणे सभ विद्यालय आ आंगनबाड़ी केंद्र सभ कँ बंद कऽ देल गेल अछि। छपरा शहर मे विद्युत आपूर्ति व्यवस्था प्रभावित भेल अछि। जिला प्रशासन कोनो आपातकालीन स्थिति सँ निबटबाक लेल अस्पताल सभ कँ अलर्ट मोड पर रहबाक निर्देश देलक अछि। एम्हर, शिवहर मे सेहो जिला प्रशासन भारी वर्षा कँ देखैत सभ सरकारी आ निजी विद्यालय सभक कँ काल्हि धरिक लेल बंद रखबाक आदेश जारी कयलक।

---

समाप्त भेल।